

*Life don beta...*

**EPISODE 6**

**Characters**

*Beauty*

*Grace*

*Mr. Amadasun*

*Elvis*

*Edogun*

*Ivie*

*David*

**SCENE 1**

***Edogun's family house.***

1. **MUSIC:** **BRIDGE UP AND FADES UNDER**
2. **SFX :** **SOUND OF CHILDREN PLAYING IN THE COMPOUND**
3. **BEAUTY:** **(SHOUTING ANGRILY)** Na who do dis thing? Who break my... Hey! yanga dey sleep trouble wan go wake am ooo? All of una be yeye pickin! una noh dey hear?! abi una noh fit talk?! Abi una noh dey see, una blind?! Ehn?!
4. **GRACE:** Ah-ah Beauty, wetin happen? Hope say nothing .....
5. **BEAUTY:** All dese your yeye children dem don come again o, dem don break my things.
6. **GRACE:** Hey! wetin dem break?
7. **BEAUTY:** Na my eyeshadow case nah. You know how much e be? You fit buy am? Why dem dey even scatter my things ehn? I hide dat box well.

8. **GRACE:** Eh, my sister noh vex, sorry abeg. Body just dey sweet dem as we pack come stay for here- our family compound.
9. **BEAUTY:** So dat na why dem go dey behave anyhow like goat with noh respect ehn? Which time you go teach dem how to respect anoda person propaty?
10. **GRACE:** **(COOLY)** Beauty abeg noh vex nah, I sure say na mistake. I noh think say dem wan cause any katakata.
11. **BEAUTY:** **(LAUGHS SCORNFULLY)** Na who tell you say dem noh wan cause katakata ...See, I don dey stay for dis compound with no wahala, before all of una come here, so me I noh go gree make you or your yeye pickin dem disturb me, shey you hear?
12. **GRACE:** Beauty....
13. **BEAUTY:** If una work, as una come dis house so, na to frustrate me ehn, E noh go work. I swear say dis whole compound noh go reach us o?
14. **GRACE:** Shebi I don talk say make you noh vex nah, why you still dey curse dem, dey call dem yeye pickin. Ah ah dem be your brother pickin nah, your family, Beauty...?
15. **BEAUTY:** So because dem my bros pickin, my family, E mean say dem suppose dey destroy everything wey dem see or touch. Abeg, tell my brother pickin dem say all my propaty noh be toy oh
16. **GRACE:** Noh vex abeg, dem noh go do am again.
17. **BEAUTY:** Noh be even dem I blame sef. Noh be dem fault say dem noh know how to behave.
18. **GRACE:** Ehn? Beauty, wetin dat one mean?

19. **BEAUTY:** Anyhow wey you see am. I don kuku talk my own, just make sure say dose yur pickin dem noh near my side.
20. **GRACE:** **(ANGRY)** Beauty, I don dey talk sori since say dem break your eye-shadow. Abeg noh vex, abeg noh vex, I don dey talk am since. Sorry, abeg, but noh need for you to dey curse me like dat na. Ahn ahn! Wetin sef?
21. **BEAUTY:** And I don hear you na. Me I noh jus wan make dose stupid children near any of my propaty.
22. **GRACE:** **(GETTING UPSET)** Beauty you fit correct dem if you want o, but abeg noh dey curse dem, abeg.
23. **BEAUTY:** **(ANGRILY)** Noh wonder wey dem yeye, dey do like goat, na because you dey talk dey cover dem. Okay, since you noh wan train dem well-well, me I go hellep you arrange dem well-well, noh worey. **(HISSES)**
24. **GRACE:** Beauty dem be small pickin! And as small pickin, dem fit do sonthin wey go vex you since dem neva sabi dis una yard well..
25. **BEAUTY:** I don kuku talk am say na you noh give dos your pickin dem beta home training.
26. **GRACE:** The only thing, wey I fit talk Beauty, nah abeg noh vex, sorry for the thing wey my pickin dem do, wey really vex you, sorry, sorry, abeg and I dey take God beg you, abeg noh dey curse dem, dem just be small pickin.
27. **BEAUTY:** Noh tell me sorry o, Grace. Dis na our family house and noh be your husband house. You hear? If you noh wan insult, respect yourself and carry dose your pickin dem wey be like small-small rat join body. Mstcheeww.....
28. **SFX:** **BRIDGE MUSIC**

**Scene 2****Mr. Amadasun's Residence. Evening.**

29. **SFX:** **RUSTLING OF PAPERS**
30. **MR AMADASUN:** Elvis, abeg come help me look dis contract paper dem
31. **ELVIS:** Okay sir
32. **SFX:** **PAPER RUSTLING CONTINUES**
33. **ELVIS:** **(SUDDENLY)** Ah-ah... dis number noh correct o. We suppose follow dat contractor talk o.
34. **MR AMADASUN:** Elvis, na you go follow the man talk. Tell am say if E noh correct dis thing, I go give anoda person the work. No story..
35. **ELVIS:** Okay sir. I go arrange make we get meeting tomorrow. What about dat meeting wey you go before, how far?
36. **MR. AMADASUN:** **(EXCLAIMING HAPPILY)** The meeting go as I bin plan am o Elvis, thank God.
37. **ELVIS:** So we go begin build shopping mall?
38. **MR. AMADASUN:** Of course yes. And E go big pass shoprite for Enugu. E go big well-well and na im go be the best one for inside Benin.
39. **ELVIS:** Heey, Paaleh, dat wan good o. So, shey we don get all the approval when we need?
40. **MR. AMADASUN:** Elvis, the government dem don settle matter, and all the oyinbo people wey go bring money don ready full ground. Everything dey kampe. Na we remain.
41. **ELVIS:** So na for which side the site go dey?

42. **AMADASUN:** Na for Uwa forest. Na im be the biggest land wey we see.
43. **ELVIS:** But Paaleh, I bin think say dat Uwa forest na one of our important history place. Hmmm una sure say katakata noh go burst so? Paaleh una sure say nor be government get the land?
44. **MR AMADASUN:** Government wey don approve the site finish. Apart from dat one sef, people for dis benin don dey find big mall since. Me, I noh tink say E go even pinch dem small, if nah all the forest for dis Benin we cut take do am.
45. **ELVIS:** Mheen, if nah so, e good o! My belle just dey sweet o Paaleh! Dis work na big deal for our company o.
46. **MR AMADASUN:** Na true talk you talk so Elvis; as dis work finish ehn, dis our company go be number one for the country. Dis project na plenty hundred million naira work.
47. **ELVIS:** **(STILL EXCITED)** Paaleh we don hit jackpot oooo. I noh fit wait make the work start o.
48. **MR AMADASUN:** My pickin, you noh go too wait sef, because dem don already dey clear Uwa forest and for two days' time all the building contractor dem go dey carry their equipment enter dere.
49. **ELVIS:** All the youth dem wey noh see work, go get work for the time when dis project go dey.
50. **MR AMADASUN:** Yes dem go get work... at least dem noh go dey cause trouble and dem go get small money for inside dem pocket. We go also give some of dem complete work inside the mall when we build am finish.

51. **ELVIS:** All the *Eypah* dem nko, the chiefs and all the elderlies for inside community una don follow dem talk? As na dem get mouth pass for dere o, anything wey dem talk na ‘Yes sir o’.
52. **MR. AMADASUN:** Ehn nah last week we follow dem talk and dem happy with the whole parole. Especially when I tell dem say government wan build Family Planning center near am.
53. **ELVIS:** Wow. Government try for dat one o. Becos dat na central place and couple noh go nid to dey travel far for counselling.
54. **MR. AMADASUN:** Yes. The community plus even religious leaders all of dem tink say nah good thing. Now our women fit dey get all the FP service and dem noh go-go far place.
55. **ELVIS:** Hmmn, me I noh know say all the elderlies dem dey gree for FP o.
56. **MR. AMADASUN:** Ah dem dey gree o... Me I just dey think as dis work go big well-well when everything don finish. I just too happy say we sef join hand put for all the beta-beta things wey dey happen for dis our community.
57. **ELVIS:** Na true o Paaleh, everything jus sweet. Me I pray say everything go happen as we plan am sha.
58. **MR. AMADASUN:** Noh worry yourself my son everything dey im position! Dis na great opportunity for dis our business. Noh be God.
59. **SFX:** **BRIDGE MUSIC**

**Scene 3*****Edogun's residence***

60. **SFX:** **DOOR OPENS AND CLOSES NOISILY**
61. **EDOGUN:** Grace, wetin happen?
62. **GRACE:** Edogun, I don tire. I say I don tire for the way Beauty dey curse and dey do my pickin dem for inside dis house. We suppose comot for here sharp-sharp, abeg.
63. **EDOGUN:** Heey! E Grace you go helep me calm down abeg, I dey try all my power to provide for all of us, you sef know say since I noh get work again everything just red.
64. **GRACE:** I understand every my dear, but I noh fit to dey stay like dis again, our pickin dem noh happy o, dem noh fit free for dis compound, becos Beauty dey attack dem like say dem send am come.....
65. **EDOGUN:** My dear, na patience. I know say E noh easy to jus dey swallow am when Beauty dey para anyhow; but for now na here we go dey. So, we go swallow am, comot face, abeg.
66. **GRACE:** Me, I noh know why Beauty noh go jus leave me. Our pickin dem noh go fit jus dey fear, dey fear for dem grandpapa house. Everybody know say Beauty noh wan make we dey here.
67. **EDOGUN:** **(SIGHS)** Abeg just throway face for her matter, dey do your own dey go. You be good Mama and good wife. I love you and our children well-well, and I don promise say I go do all my power so we go comot from here quick-quick. But now make we just dey swallow am..

68. **GRACE:** I know say nah like dis E go be before. Shey you remember say I noh bin wan make we pack come here, when you talk am dat year..
69. **EDOGUN:** Na true say you noh wan make we come here but we noh get choice na. Na only here dey..
70. **GRACE:** We for find money take pay for our flat instead of to come here. Since the day wey we enter dis compound na from one wahala to another one. Ontop our matter, all the aproko talk-talk don too much for my ear..
71. **EDOGUN:** **(GETTING SLIGHTLY UPSET)** Okay, wetin you wan make I do now ehn? I don talk say I dey try my best., abi you wan make I go thief so we fit comot for here?
72. **GRACE:** **(RELAXES, SIGHS)** No oh! Noh be im I want oh. My husband, I know say you dey try, na only say Beauty wahala too much ontop our pickin dem matter. She too dey curse person, e don too much. I tire.
73. **EDOGUN:** **(PLEADING)** Abeg leave Beauty with all im wahala; make we jus put our eye for our matter and make we try make somthin good comot from dis ugly place wey we see ourself. Noh worey I go follow Beauty talk.
74. **GRACE:** Abeg follow am talk o, because next time I noh go swallow am, comot face o. Hiann you know me, me sef get talent oh!
75. **EDOGUN:** E don do now, my dear I say I go settle matter as day break tomorrow, ermm...now as we don talk dis one finish, we still get another business matter to talk put?

76. **GRACE:** **(LAUGHING)** which other business matter we wan talk for dis time dis night?

77. **EDOGUN:** **(LAUGHING TOO)** you sef understand nah...

78. **GRACE:** Abeg leave me joor. Na only dat thing you dey think?

79. **EDOGUN:** **(LAUGHING)** EGracie! You noh fit blame me nah. When man get wife like you, wetin you wan make him do?

80. **SFX:** **BRIDGE MUSIC**

**Scene 4**

*At the lover's Park. Late in the afternoon.*

81. **SFX:**                    **SOUNDS OF BIRDS. AMBIENCE OF A SERENE ENVIRONMENT**
82. **SFX:**                    **VOICES LAUGHING ON MIC**
83. **IVIE:**                    David my darling...Thank you for dis outing, ah, I enjoy myself well-well..
84. **DAVID:**                    Me too. Ivie, I wish say we fit dey waka like dis everytime ...but
85. **IVIE:**                    But wetin David? And why you con change face like dat.
86. **DAVID:**                    Shey you know say dem don give your Paaleh one contract make him build big mall for 'Uwa Forest Reserve'?
87. **IVIE:**                    **(EXCITED)** Ah-ah yes na, in fact all our belle just dey sweet anyhow on top am, because na big thing for our family business o, plus the community join.
88. **DAVID:**                    I dey follow una joli but small quanta dey matter o..
89. **IVIE:**                    David, wetin you mean?
90. **DAVID:**                    The company where I dey work, don say make I go stop any person wey wan build dat mall or anythin for dere
91. **IVIE:**                    **(ANGRY)** But why?

92. **DAVID:** You kuku know say na Greenland Society, dat NGO wey say make we dey protect and keep environment and animals for bush join.
93. **IVIE:** Ehen, wetin come consain dat one with the big shopping mall?
94. **DAVID:** **(EXPLAINING)** Ehn, you see for dis work dem don choose place wey noh good for environment - Uwa Forest, and nah me dem don put as oga campaigner to fight the project.
95. **IVIE:** **(SIGHING)** Hey God which kain wahala be dis! Why na you out of everybody dem see carry? You noh go fit do dis thing to my Paaleh o.
96. **DAVID:** So wetin you wan make I do? Make I go tell my oga say, I noh go fit do my work becos na my girlfriend's Paaleh get matter? E be like say I noh go fit.
97. **IVIE:** Den E be like say our own don finish be dat; if my Paaleh know say you join follow for dis GreenLand Society our luvie-luvie don finish o? You hear me so... e don Finish!
98. **DAVID:** **(SOUNDS WORRIED)** Na my work be dis o Ivie and I must to do am.
99. **IVIE:** I see ...so-o you wan pick your work over our relationship, and you know say the thing wey you wan do go scatter my family dem.
100. **DAVID:** **(SIGHS)** Ivie ...abeg make you try understand small!
101. **IVIE:** Understand wetin? Say you go wan destroy my Paaleh business dan to keep our luvie-luvie and you go dey talk

say you love me well-well sotey you fit do anything for me.

102. **DAVID:** Ha Ivie, but you know say I love you?

103. **IVIE:** **(CRYING)** Abeg-abeg-abeg you noh love me anything. Well, you kuku know wetin dis matter go do our relationship. Abeg noh vex o David, but I wan begin go now. Byebye!

104. **BRIDGE MUSIC: UP AND FADES UNDER**